

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1. Kasang Tukang Masalah**

Salaku manusa urang teu bisa hirup sosoranganan, salawasna kudu hirup kumbuh jeung papada manusa sangkan hirup kumbuh lumangsung kalawan lancar, diperlukeun ayana komunikasi, pakakas nu digunakeun téh nya éta basa. Basa mangrupa alat komunikasi nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, nu bisa ngébréhkeun rasa, pikiran jeung kahayang manusa. Sakumaha pamadegan Sudaryat (2003:9), “basa nya éta beungkeutan sora manusa nu dihasilkeun ku pakakas ucapna kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem pikeun tujuan komunikasi antara anggota masarakatna”.

Sedengkeun numutkeun Kridalaksana (1993:21), basa nya éta “sistem lambang sora nu arbitrér nu digunakeun ku para anggota masarakat pikeun kerja sama, interaksi jeung ngidentifikasi diri”.

Dumasar kana sababaraha wangenan di luhur, bisa dicindekkeun yén fungsi utama basa téh nya éta mangrupa alat pikeun ngayakeun komunikasi jeung interaksi antara anggota masarakat.

Basa mangrupa fénoména anu ngadumaniskeun dunya sora jeung dunya ma'na, ngabogaan tilu sub sistem, nya éta; 1) Sub sistem fonologis (tata sora), nu ngawengku fonétik jeung fonémik, 2) Sub sistem gramatikal, nu ngawengku morfologi (ngulik ngeunaan kecap, babagian kecap, katut prosésna), jeung sintaksis (ngulik ngeunaan kalimah, babagian kalimah, katut prosésna),

3) sub sistem léksikal nu ngulik ngeunaan kandaga kecap.

Minangka hiji sistem basa, basa mibanda sipat sistematis nya éta basa téh mibanda unsur-unsur anu puguh entep seureuhna, ari sistematik nya éta basa téh mibanda polo-pola (aturan) nu dumuk tur diramalkeun ayaning aturan fonologi, tata basa, jeung semantik (Sudaryat, 1991:3). Dina fungsina basa salaku alat komunikasi hakekat sabenerna mah mangrupa prosés nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang jeung rupa-rupa pamaksudan ka nu lian kalawan maké sistem sora nu arbitrér (Yudibrata, spk 1992:35).

Basa téh diwangun ku dua lapis, nya éta wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua lapisan, nya éta wangun gramatik nu ngawengku wacana, kalimah, klausa, kecap jeung morfém. Wangun morfologi nu ngawengku engang, foném, jeung sora. Sedeungkeun lapisan eusi mangrupa eusi atwa makna. Wangun katatabasaan ngawengku (1) sintaksis anu maluruh adegan wacana, kalimah, klusa, frasa jeung (2) morfologi nu maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 1991:5).

Wangun kecap nu mibanda fungsi gramatik atawa fungsi sémantik sok disebut prosés morfologi. Nurutkeun Prawirasumantri (1990:32) dina basa Sunda aya 3 (tilu) prosés morfologis, nya éta; ngararangkénan, ngarajék, jeung ngantétkeun.

Disawang tina warnana kecap dipasing-pasing janten dua bagian nya éta kecap lulugu nu ngawengku (1) kecap barang (nomina), (2) kecap pagawéan, (3) kecap sipat (adjéktiva), (4) kecap bilangan (numérélia), bagian nu kaduana nya éta kecap pancen nu ngawengku, (1) kecap panambah,

(2) kecap panyambung, (3) kecap pangantet, jeung (4) kecap panyeluk.

Basa Sunda gede pisan pangaruhana kana kahirupan masarakat, nya éta diantarana anu ditepikeun ngaliwatan média audio visual (télévisi). Peranan télévisi kiwari beuki gede pisan pangaruhna tinimbang média sejen boh média cetak, boh éléktronik sejénna saperti radio, masarakat leuwih genah narima informasi ngaliwatan éta média. Éta hal nandeskeun yen luyu jeung kamekaran arus informasi, peranan télévisi dibutuhkeun pisan keur narima informasi anu gancang jeung akurat.

Saluyu jeung nu dipedar di luhur, geus tangtu naskah nu dipaké dina naskah berita basa Sunda Bandung TV di pikaharep bisa maké aturan tata basa nu luyu jeung dipikaharti ku masarakat.

Panalungtikan ngeunaan Analisis kecap barang wacahan dina naskah berita basa Sunda sacara hususna teu acan aya nalungtik, aya ogé ngan ukur nyabit-nyabit ngeunaan warta berita wungkul saperti Kamampuh Ngaregepkeun Warta Murid SMP Nusantara Kota Bandung (Deasy Suliantine, 2005).

Nilik kana sababaraha hal anu geus diébréhkeun di luhur, nu nulis perlu ngayakeun panalungtikan, kalawan judul “Analisis Kecap Barang Wacahan Dina Naskah Berita Basa Sunda Di Média Éléktronik” .

## **1.2. Masalah**

Kecap mangrupa wangun katatabasaan nu bébas tur bisa mandeg mandiri, nu diwangun ku hiji atawa leuwih morfém. Kecap barang wacahan téh nya éta kecap barang nu diwangun ku cara mondokkeun kecap atawa kantetan kecap.

Ari kecap barang wacahan téh aya lima rupa nya éta kecap (1) singgétan, (2) kecap tingkesan, (3) kecap tangkesan, (4) kecap memet, (5) kecap sirnaan. Dumasar kana katerangan di luhur, kacida pereluna ngayakeun panalungtikan ngeunaan kecap barang wacahan anu nepi ka bisa ngadéskripsikeun kecap barang wacahan anu aya dina naskah berita basa Sunda.

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Tina pedaran masalah di luhur, méré gambaran yén analisis kecap barang wacahan bisa dijadikeun sumber pikeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan baris didéskripsikeun kecap barang wacahan nu aya dina naskah berita basa Sunda di média éléktronik

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana masalah jeung watesan masalah di luhur, nu jadi masalah poko dina ieu panalungtikan nya éta analisis kecap barang wacahan dina naskah berita basa Sunda di média éléktronik, nu dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap;

1. Kecap barang wacahan naon waé nu kapanggih dina naskah berita basa Sunda di Bandung TV?
2. Naon Papanjagna kecap barang wacahan dina naskah berita éta?
3. Kumaha wanda kecap barang wacahan dina naskah berita éta?
4. Kumaha pola kecap barang wacahan dina naskah berita éta?

### **1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1. Tujuan Panalungtikan**

Patali jeung rumusan masalah di luhur, panalungtikan ieu mibanda tujuan saperti ieu di handap,

1. ngadéskripsikeun kecap barang wacahan nu nyampak dina naskah berita basa Sunda
2. ngadéskripsikeun papanjangna kecap barang wacahan nu aya dina dina naskah berita basa Sunda
3. ngadéskripsikeun wanda kecap barang wacahan nu aya dina dina naskah berita basa Sunda
4. ngadéskripsikeun pola kecap barang wacahan nu aya dina dina naskah berita basa Sunda.

#### **1.3.2 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta:

1. pikeun nunalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sabagé média pikeun nambahan pangaweruh widang morfém hususna ngeunaan kecap barang wacahan;
2. pikeun ngainventarisasi jeung ngadokuméntasikeun sakumna analisis kecap barang wacahan dina naskah berita basa Sunda di média éléktronik;
3. pikeun dunya pangajaran, bisa dijadikeun salah sahiji sumber pikeun bahan pangajaran di sakola, jeung
4. pangdeudeul hasanah kapustakaan di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah.

#### 1.4 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Kecap barang wacahan aya dina naskah berita basa sunda;
2. Basa Sunda masih dipaké ku sabagian masarakat urang;
3. Kecap barang wacahan mangrupa bagian tina wangun kecap basa Sunda;
4. Kecap barang wacahan bisa dianalisis dumasar kana papanjangna kecap, wanda kecap, jeung pola keap.

#### 1.5 Raraga tiori

Raraga tiori mangrupa tatapakan pikeun medar masalah-masalah nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan. Raraga tiori raket patalina jeung buku sumber nu luyu jeung masalah anu baris ditalungtik. Buku sumber anu bakal dijadikeun acuan dina ieu panalungtikan dikelompokkeun jadi dua, nya éta:

(1) tiori panalungtikan, jeung (2) tiori kabasaan.

Tiori panalungtikan nu digunakeun museur kana buku; Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa (Suyatna, 2002), jeung Manajemen Penelitian (Arikunto, 1993). Tiori kabasaan anu digunakeun nyoko kana buku Pedaran Basa Sunda (Sudaryat, 2003), minangka pangdeudeul baris digunakeun tiori Rosmana ngeunaan Morfologi Basa Sunda (2003), Ramlan ngeunaan Morfologi Suatu Tinjauan Deskriptif (1997), tiori Kridalaksana ngeunaan Pembentukan Kata Dalam Bahasa Indonesia (1996), jeung Kamus Iistilah Elmuning Basa sunda (Sudaryat, 2005).